

Frèm ak sèm yo,

Nan komansman lamès ak seremoni òdinasyon sa, map di « Byenvini » ak dyak *Sclalabryen* Jeff Noël, Khiem Nguyen Tien et Tam Nguyen Van, men espesyalman nou menm paran, zanmi ak tout moun kap viv moman sa avek nou sou entènèt la depi lakay yo, ak nan kominote yo. Menm lè nou tout paka la fizikman ak yo men Jeff, Khiem ak Tam, pitit nou, frè nou, konpayon nou epi zanmi nou santi priyè nou epi resevwa li ak lanmou nou pou yo nan jou sa.

Map di nou tout « Byenvini » nan Legliz Santa Maria Regina Pacis, espesyalman responsab ak manm kominote *Scalabrini* yo.

Nap komanse ak sòm 94 :

*« Vini non, ann fè kènou kontan,
Ann chante pou Senyè a !
Ann fè fèt pou pou moun k'ap delivre nou an !
Ann parèt devan li pou nou di l mès !
Ann chante yon chante pou fè lwanj li !
Vini non! Ann bese tèt nou devan li, ann adore li !
Ann tonbe ajenou devan Senyè ki kreye nou an !
Se li ki Bondye nou, se pèp li nou ye,
L'ap pran swen nou tankou mouton ki nan savann li. »*

Avek sòm 94, ann mete ansanm ak jèn sa yo pou nou lapriyè ak konfyans, gratid epi nan lajwa san mezi. Premye devwa se koube nou byen ba devan prezans Granmèt la pou nou rekonèt peche nou yo epi mande padon ak tout kè nou.

Prèch :

Frè m ak sè m yo,

Pawòl nou jwenn nan sòm 94 la pote limyè pou nou menm ki isit la avèk paran, zanmi ak konpayon nou yo kap swiv nou, menm si yo lwen. Anvan menm pou Jeff, Khiem ak Tam resevwa sakreman lòd la, an nou eseye konprann sa kap pase nan mond sa kote ti mesye yo pral tanmen travay misyonè yo a.

Yon sistèm ekonomik ki malad e kap degrengole chak jou ki jou paske gen yon gwo problèm inegalite nan mond lan ; tout sa kap gide nou se fè gwo benefis chak jou pi plis. Sa pap janm kreye linyon nan mitan pèp yo men ap toujou mete pi plis nan men sak genyen deja epi fin retire nèt ti lòsyè malere yo te genyen. Lèzòm preske pèdi tout kalte

zanmitay ak Bondye paske nou toujou ap goumen pou nou genyen plis pase sa nou bezwen vre pou n viv byen, nap detwi pwòp tèt nou.

Covid-19 la parèt britsoukou epi montre aklè kòman mond lan tap mache ; inikite ak enjistis sosyal kap toupizi pi piti yo, sa ki pa gen vwa bò tab gwo potanta yo ; san yo pa patisipe nan gwo desizyon yap pran sou do yo. Jou kap vini yo pa parèt bel ditou.

Jan lemond prale la map komanse raple nou kesyon Bondye vte poze kayen an : « *Kote frèw la, Abel?* » Kayen li menm reponn ak yon lòt kesyon : « *Eske se gadò frèm mwen ye ?* » (Gn 4, 9)

Kidonk, Kayen ki te gentan touye Abel, bay pi move repons ki te ka genyen. An nou chak poze tèt nou kesyon sa tou : « *Eske se gadò frèm nan mwen ye ?* » Pap gen lòt repons ke : « wi, se sa mwen ye, wi, se sa nou ye ; nou chak ki la.

Senpòl te voye di romen yo sa : « se pou nou youn renmen lòt. » « *Renmen prochenw menm jan ou renmen pwòp tèt ou.* » (2 Rm 13, 8.10).

Nou konnen kisa nou pa dwe fè, tankou : Pa komèt adiltè, pa pran sak pa pou ou, men komandman lanmou an ki pi enpotan koman nou ka obeyi li ?

Nan levanjil jodia, Jezi pote konsèy ki pratik anpil pou nou ka viv byen nan kominote nou, pou nou simen epi rekolte lanmou nan antouraj nou ; pou lè gen yon moun ki pa pratike renmen epi kap fè pwochen li mal. (2 Rm 13:10).

Peche ak chirepit nan kominote se an fanmi sa regle. Jezi li menm mande nou poun aji ak pridans epi respè pou nou ede sak pèdi wout yo. Sa dwe fèt nan 3 tan pou pèmèt yo retounen mache nan yon anbyans tèt ansanm ak kè poze.

Premye bagay la se yon dyalòg nan tetkole. Lè sa mache pa gen pi bèl santiman ke lè yon frè ap diw mèsè paske ou te lonjel lanmen pou edel soti nan traka li te ye a.

Dezyèm pwèn an se nan ankadreman espiyèl ; Rasanble kek lòt moun- Jezi pale de « temwen » nan ka sa epi lonje lanmen bay frè a ki nan difikilte a nan renmen jan sa dwe fèt nan aktivite pastoral. Mod ankadreman sa pa mache nan bri ak ajitasyon se Bondye sèl ki konnen kantite byen ke moun nan benefisye. Jean-Baptiste Scalabrini ki se « bienheureux » te di pè li yo ak sajès « Toujou preche laverite avèk tout renmen nou genyen pou Bondye, pou sila yo ki nan peche yo ka vin konvèti. »

Dènye etap la se nan kominote lokal la lap fèt. Se yon egzèsis piblik kote legliz oubyen dyosèz yo pral preche lavi, ekite, yon sosyete san fòs kote tout moun nèt konte ak jistis. Se misyon Scalabrinien yo sa: anonse lemond antye ke menm lè nou diferan, menm lè tout moun pa sanble men, nou ka viv nan kominyon yon ak lòt pandan nap kraze tout miray diskriminasyon, enjistis, inegalite epi bati pon pou nou kapab rankontre, fè solidarite ak prochen nou jan Jezi vlel la. Se gras sa yo ke Jezi te pote pou nou lèl te vin sou latè pou efase peche nou.

Si youn nan sa yo pa mache, alòs nou dwe trete rekalsitran tankou yon payen oubyen yon moun kap ranmase taks pou leta, dapre sa Jezi di nou, paske se li menm ki mete tèt li deyò nan kominote a. Wòl nou kòm pè se pral (preche) pratike padon ak rekonsilyasyon, toujou bat pou nou toujou rete pwòch moun ki rekonèt fot yo (peche yo); anmenm tan tou nap gen pou nou edike kretyen yo pou aprann jere problèm san bri san kont. Konsa, relasyon ki te kraze yo va rive rekonstwi.

Bondye Granmèt la te di: « kote kek moun reyini nan non mwen... » li pa janm di ke moun sa yo se moun san peche yo dwe ye, men li pwomèt lap nan mitan yo pa paske yo pa janm fè peche men paske li se yon Bondye ki Fidèl ; travay padonen peche a se nou menm pè li bay fè li (Jn 20, 22-23). Lè li fè sa, li konsakre nou kòm ouvriye (enstriman) mizerikòd li ; sa pèmèt nou kenbe Legliz la nan linyon menm si pèp Bondye a se yon pèp pechè li ye, yon pèp ki pa fin bon nèt.

Nan moman sa, Jeff, Khiem ak Tam, Bondye ap pale avèk nou ak menm pawòl li te di Ezekyèk yo : « Je t'ai établi comme sentinelle pour la maison d'Israël" (Ez 33, 1). (Mwen mete ou kòm santinèl pou veye peyi a). Nan liv profèt yo, moun Granmèt la voye a yo relel anpil fwa **santinèl oubyen Gadò** ki pou veye sou pèp li a, ki pou protejel anba danje. Se pou nou aprann klewonnen lanbi devan tout fòm peche kap anvayi kè lèzòm nan modèl sosyete sa nou gen la tankou nan Legliz la. Wòl nou kòm pè se aji tankou santinèl Granmèt la bay misyon voye je sou twoupo li a.

Kòm pè et tankou moun, an nou fikse je nou sou Jezi ; menm jan Pap François di nou an nan katechèz mwa dawout la: « Pandan peryòd pandemi sa kite je nou fikse sou Jezi epi kenbe fèm nan lafwa pou nou rive jwenn wayòm syèl la Jezi li menm menm pote pou nou an. »

Nap fè lwanj ak konpliman pou Bondye pou twa (3) nouvo pè sa yo ki gen misyon ede Jezi reyalize plan Bondye papa a tout bon vre nan mond lan, nan listwa nou ak nan Legliz la. Se jezi li menm, Bondye te voye vin anonse (revele) bòn nouvèl sa bay pòv yo, poul rasanble tout pitit Papa l yo ki gaye sou tout fas tè a. Plan sa nou tout ka wèl a klè nan sa kap pase, nan sa moun yo ap mande epi nan sa yap chache. Se nan mond sa nou menm *Scalabriniens* nou pral mache bay nouvèl e mond saa se yon mond kote ki gen anpil migra ak moun ki an deplasman fòse.

Nan moman sa an nou rele Lespri Sen poul vin kouvri twa jèn sa yo, twa frè sa yo pandan yo pral resevwa sakreman Òdinasyon an pou yo ka al ranpli misyon Jezikri ba yo a. AMEN !

Card. Michael Czerny S.J.